



Konsiy: 1) Li entèdi pou gen selilè nan sal la.
2) Ou pa gen dwa pale nan sal la.

3) Bon egzamen.

Bèbè Gòlgota

Se pa de koze mistik ki pase devan je Maglwa Anbwaz. Zafè mistik moun nan Avni Maglwa Anbwaz pa regade m, koze konsa se pa mwen ki mete yo nan lari. Men, koze Malin, koze Jinèt, sa yo, fòk mwen pale, Pawòl la di konplo pi fò pase wanga. Pawòl fanm ak gason ki renmen, se sa tout ap tann nan menm, se kòm si moun pa t fèt pou yo renmen. Si m rakonte mwen wè 2 fanm osnon 2 gason k ap goumen, sa pa deranje pèsoun. Men si malchans pou mwen, bouch chape, mwen di kilès gason mwen te siprann k ap fonte ak yon fi nan yon koridò Avni Maglwa Anbwaz, se pou m bay katye a tèlman jouda ak fouyapòt pou yo soti kite m san souf. E se pale pawòl moun ki lakòz yo pouse do m, Avni Maglwa Anbwaz.

Kouman m fè kite Maglwa Anbwaz ? Bon non vwazen an, mwen pa sonje l, pase tout moun rele tonton an : papa Malin. Malin se te pitit fi vwazen an. Malgre Malin te pale m, mwen pa t konprann daki a, mwen pa t wè egzakteman kisa li te vle di m. Wi, se vre, mwewen merite sa k rive m nan. Malin se te youn nan pi bèl fi nan Avni Maglwa Anbwaz. Lòt medam yo te rele Sent Nitiuch, poutèt se nan koral sèlman li mache, koral Senjera. Epi yon jou, malchans pou mwen, se soti sou Malin k ap bay san. Laperèz pran m, mwen kouri frappe pòt tout moun pou yo pote Malin sekou. Mwen pa konn kilès ki mennen Malin lopital jeneral. Pawòl la gaye, sent nitouch la ansent, li pa ka bay pouki moun li te ansent, bakoulou a sove, Malin t al fè yon move dilatasyon, li manke mouri. Se pa tankou kounye a, fi gendwa jete pitit san kè kase, san lakrentif pou medizan. Se pa tripòt ki te nan kòm, se ede mwen te vle ede. Malin ansent, li pa ka bay non papa pitit la. Epi ton Dikas pran lari.

Yon bon jou, lè m antre, mwen jwenn vwazen an, Man Dikas ak Ton Dikas k ap joure, pale fò nan salon an poutèt Malin. Se nan koute pawòl dèyè pòt, mwen vin konnen pou kilès Malin te di m. Mwen pa wè kouman Malin yon timoun, k ap dirije koral legliz te anbake anba Ton Dikas, yon granmoun ki te ka papa l. Lè jennjan bwòdè ki te nan Avni Maglwa Anbwaz, pou se Ton Dikas, Malin te chwazi ? gen moun ki te konnen istwa Malin ak Ton Dikas, men, mwen Levwayan, respè figi nou, mwen sèman, mwen pa t konnen. Malgre tou sa m fè, malgre m sèman, Ton Dikas pa tandè, li pa wè, se mwen ki lage l nan akwochay ak papa Malin. De moun majè damou sa pase mal, yo chache yon bourik, yo chaje l, yo pote chay la. Ton Dikas chaje Levwayan, ba l reskonsab zak li. Chay la te twòp pou do m, dènye moun sou katye a ap rele m langè. Pèsoun pa ka di kilè mwen te pale koze Malin ak Ton Dikas. Lè ton Dikas di m bay kay la, mwen te gentan santi m pa ka moun ankò. Man Dikas pa t vle m ale, men mwen te oblije chache wout kay mwen.

Pierre Michel Chéry, bèbègòlgota, p.27-28

Premye pati (30 pwen)

(5 pwen pou chak bon repons)

A) Konpreyansyon Tèks

1. Ki kalite pawòl fouyapòt nan Avni Maglwa Anbwaz te plis renmen tandè dapre tèks la ?
2. Ki jan medam nan katye a te konn rele Malin ? poukisa yo te ba li non sa a ?
3. Kisa ki te rive Malin?
4. Kiyès ki rakonte istwa a ? Eske se otè tèks la, yon pèsounaj nan tèks la oubyen yon lòt naratè nou pa rive idantifye ? Jistifye repons ou a.
5. Kisa ki te rive naratè a ? Poukisa ?
6. Ki ide santral tèks la ?

B) Gramè – Vokabilè – Tradiksyon (40 pwen)

- 1- Ekri endis lye, endis tan ak endis pèsòn ki nan tèks la (omwen kat mo pou chak kalite endis) :
 - a) Lye :
 - b) Tan :
 - c) Pèsòn ; (10 pwen)
- 2- Fè reprezantasyon grafik fraz konplèks sa a :
 « Mwen espere w ap konprann esplikasyon an ». (10 pwen)

3. Sèvi ak mo pouse pou ekri twa fraz kote mo a genyen yon sans diferan nan yo chak. (5 pwen)

4. Men yon fraz : Maryo kouri antre vin pran kòb la nan men Pòl. (10 pwen)

- a) Kòman gwoup vèb ki souliye nan fraz la rele ?
- b) Ekri yon lòt fraz ki genyen yon gwoup vèb menm jan ak sa ki nan modèl la.

- 5- Tradui fraz sa a an kreyòl anyisyen:

« Je savais qu’elles allaient venir. » (5 pwen)

CH.Dezyèm pati

Pwodiksyon ekri (30 pwen)

Chwazi youn (1) nan de (2) sijè sa yo.

1. Gen de gwoup moun ki ap diskite. Premye gwoup la di : « Depi mwen tandè yon bagay map repete li ». Dezyèm nan di: “fòk mwen gen prèv paske gen moun ki konn detwi moun nan sans sa a ». Bay opinyon pèsònèl ou epi fè yon sentèz.
2. Konstwi yon resi fantastik ki gen bagay ki vrè ak fo. Resi sa a dwe genyen pou pi piti de sekans.